ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№8-9 (21.917) ● 2011 гъэм щІыщылэм (январым) и 21, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и спорт федерацэхэм я ядригъэкІуэкІа зэІуэщІэм хэтащ Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Іэтащхьэ Меркулов Александр, абы и янэ къуэдзэ Абрэдж Іэдиб.

●ЗэІуэщІэхэр

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Іэтащхьэ Меркулов Александр сымэ.

Унафэщ Іхэр ягъэбелджылы

- МЫ ІУЭХУР нэхъыбэу зытеСщІыхьар спорт федерацэхэм я унафэщІхэр дгъэбелджылынырщ, республикэм спорт лІэужьыгъуэ псоми зыщІегъэужьыным и хэкІыпІэхэр гъэбелджылынырщ. Зэрыфщ Іэщи, нэгъабэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий унафэ ищІащ спорт федерацэхэм я Іэтащхьэ мы-гъэзыпхъэр къэрал кІуэлІыкъуІэхэр мыхъуу, абы хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлі Іэр араУэ щытын зэрыхуейм теухуауэ, - жиІащ Къанокъуэм. - Нобэ дгъэбелджылыну ди кІалэнщ федерацэхэмрэ попечительскэ советхэмрэ я унафэщІхэр. А псоми кІыдэкІуэу, дэтхэнэ федерацэри зыхуеину мылъкумрэ ар абы зэрыІэрыхьэну щІыкІэмрэ убзыухъхьащ. Мылъкур зезыгъэкІуэн фонд кІыдзэдгъэпэщын хуейщ. Сыт хуэдэу ирехъуи, нэхъыщхьэр федерацэхэмрэ попечительскэ советхэмрэ зэдгъэкъэзынырщ.

КЪБР-м и спорт федерацэхэм я лэжьыгъэм кІрикІуахэм, дызыхьыхьа ильэсыщІэм къапэщыт кІалэныщІэхэм кІэщІу кІытуеныщІащ спортымкІэ, туризмэмрэ курортхэмкІэ министр АфІэунэ Аслъэн. Абы кІыэзрыхигъэщамкІэ, идажьпсту Къэбардей-Балкъэрым физкультурэмрэ спортымрэ щІыху мини 135-рэ хэтщ. Спорт лІэужьыгъуэу 33-м республикэм щыщІэщІащ, абыхэм едажкІуэ мин 29-рэ кІыэзщІаубыдэ. Иджьпсту спорт федерацэу 26-рэ мэлажьэри, 15-м УФ-м Спортымкіэ и министерствэм и аккредитацэ яІэщ.

2010 гъэм щІыху мин 50-м щІигъу зыхэта физкультурэ-спорт Іэхэгъуэхэр республикэм щрагъэжІуэкІащ. Спортсмен 55-м Урысейм спортымкІэ и мастер къыфІащ, 7-р дунейпсо класс зиІэхэм яхэхуащ, спортымкІэ щІыхь зиІэхэм зы къахэхъуащ. Спортсмен 320-рэ нэгъабэ спортым и мастерхэм я кандидат хъуащ. БэнэкІэ спорт лІэужьыгъуэм псом хэмыдэу ехьулІэныгъэфІэхэр щызыІэрагъэхьащ.

- Министерствэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщыщ физкультурэмрэ спортымрэ щІыху нэхъыбэ дегъэхьэхьныр. Абы теухуауэ едгъэкІуэжІ Іэхэгъуэхэм я фІыгъэкІэ кІыэзэдэнкІа ильэсым физкультурэ, спорт лІэужьыгъуэ псоми республикэм щыпсэуэхэм я процент 15,6-р кІыхьэтэщ. Абдежым дыкъыщыуыІэнукъым, 2015 гъэм а бжыгъэр процент 30-м нэдгъэсыну ди мурадщ, - жиІащ АфІэунэм. Апхуэдэу ар кІытеувыІащ КЪБР-м и спортсменхэм дунейпсо, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щызэІуагъэхьа ехьулІэныгъэхэм.

ЗэІуэщІм кІрихьэлІахэр тепсэлъыхьащ спорт федерацэхэмрэ попечительскэ советхэмрэ я унафэщІу ягъэувыну къагъэлъэгъуаэхэм.

КЪБР-м и Президентым ядиІыгъащ спорт бэнэкІэмкІэ федерацэм и унафэщІ кІуалыкъур Олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч зэрыхуэгъэфэщар. Кьанокъуэ Арсен гу лъагирІэтащ ар утыкум ихьэ спортсмену зэрыщытым икІи федерацэм и гугъуехь псоми гулъытэ хуищІыну зэман зэримыгъэтынур. Министрым къалэн щищІащ абы дэІэпыкъуэгъу кІыхьагъэтыну.

Попечительскэ совет зыбжанэм я унафэщІэр зэрыщІащ. Псалъэм папщІэ, атлетикэ хьэпъэмкІэ спортсменхэм защІэзыгъакъуэу щыта мэкъуэмэш хозяйствэмкІэ мин

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къудамэщ Іэ къызэІуах

●Прохладнэ къалэ

Прохладнэ къалэ округым и «Къалэ сымаджэш» узынщагъэр хъуэмэкІэ и муниципальнэ ІуэхущапІэм нобэ, щІыщылэм и 21-м, лапароскопие хирургиемкІэ я къудамэм ІэкІыб щІидзэ. Абы къыщагъэсэбэпынущ кІуэцІ узыфэхэр операцэ щащІкІэ уІэгъэ машІэ дыдэ зымыщІ Іэмалхэр.

ЦІыху 14-м тещІыхьа къудамэм хэтщ сыткІи къызэрэзэпэща операцэ щІыпІэ, уІэгъэр щапхэ, дохутырхэр щылажьэ, зы сымаджэ, сымаджкІэ зыщІэль пэшхэр. Медицинэ страхованэмкІэ КЪБР-м и Фондыр я щІэгъэкъуэну нэгъабэ къащэхуащ лапароскопие операцэхэр щащІкІэ къагъэсэбэп видео-эндоскопиер нэгъэщІэхэри. Абы-хэм сом мелуани 3, пэшхэр зыхуеІ хуэгъэззэным мелуани 2-рэ мин 700-рэ хуха-хащ.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Зи чэзу къалэнхэм топсэлъыхь

●Дыгъуасэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щаІуащ.

И ПСАЛЪЭМ и пэублэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъуэмэнымкІэ и министрращІэ **Амщокъуэ ФатІимэт** кІыэзэхуэсахэм щаригъэцІыхум, абы къыхигъэщащ жэуаплныгъэщхуэ зыпылъ къалэн пщэрыль зэрыщащІыр икІи зыпэрыхьэ Іэнатіэ мытынщым екъулІэныгъэ щІэну екъуэхуащ.

- 2011 - 2012 гъэхэм республикэм узынщагъэр хъуэмэныр щегъэфІэкІуэным и Іуэхум сом меларди 2,5-рэ хухахынущ. Абыкіэ республикэм и сымаджэщхэр кІыэзыхуэтынщэу зыхуей хуэдгъэзэн, щІэзэр кІыэзІутхэн, цІыхухэм зэрелІэзэ, узыфэхэр кІыэзэрахутэ Іэмэпсымэхэр, хущхьуэхэкІэхэр, нэгъуэщІхэри ирикъуу къэтщэхун хуейщ. АпхуэдизкІэ мыдрэу зэуІуу кІыщІыгъуІыпІэр зэрэмыгъэхьащ. Абы кІыхьэкІыу дэтхэнэ сомри егупсысауэ, зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыпхъэщ. А Іуэхур министрыщІэм тэмэму иунэтІыну дыщогугъ, - жиІащ **Къанокъуэ Арсен.**

Республикэм мы гъэм кІыпІэщыт кІалэн нэхъыщхьэхэр игъэнаІуэри, я Іуэху еплыкІэхэмкІэ щызэхъуэжэ зэІущІэ гъэпсыкІэм тету, Президентым зэхьэхэр иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** Правительствэм и УнафэщІ**Меркулов Александр,** абы и кІуэдзэхэу **Абрэдж Іэдиб, Ерчэн Темболэт,** республикэм и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Жамборэ Владимир,** министрхэр, къэрал комитетхэм я унафэщІхэр, ирагъэблагъа кІуальхьэщІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Щхьэнтіагъэм и тхьэмахуэ-2011» гъэлъэгъуэныгъэм КъБР-м и Іуэхущ Іапі Іэу 14 хэтынущ

Илъэс еплІанэ хуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ мэкъумэш хозяйствэм, ерыскъым промышленностым, жыг хадэ зыгъэкІэхэм кІыэтрагъэпэщ «Щхьэнтіагъэм и тхьэмахуэ-2011» дунейпсо выставкэм. Мы гъэм ар щІыщылэм и 21 - 30-хэм Берлин кІалэм щокІуэкІ.

ЕЗЫХЭМ я продукцэр абы утыку кІыщралъхьэнущ «Къэбалъкъ ресурс», «Налшык гъэш завод», «Ведес», «ЗЭТ» дагъэ завод», «Консервпром», «Агро+», «Агро-Ком», «Бахьсэн и жыг хадэхэм», ООО-хэм, «Кавказ» ІофІыкІ фабрикэм, «Жызум» акционер обществэ эхъэщІам, «Налшык» хьэлэ завод» акционер обществэ эІуэм. Дунейпсо утыкум мы гъэм ягъэ йохьэ «Росс-спорт» ООО-рэ. Абы Берлин еІэ Іусыпхьэхэм халъхьэ кІытэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту щагъэзащІэ инновацІ бизнес-проектхэр ягъэлъэгъуэнущ Италием щыщ «Форхер», «Лукини» фирмэхэм.

Агропромышленнэ комплексым кІыщагъэсэбэп иджырей Іэмалхэм щыгъуэзэ зэрызыкъуІыкІыр ди кІыдэрыІу, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Къаздэхъу Альберт зэрыжиІамкІэ, республикэм и лІыкІуэхэм я мурадщ ди дежь къыщалэжь мэкъумэш продукцэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ дунейпсо рынокым щыщэнымкІэ Іэмалхэр яубзыхуну, лжьэгъу къахуэхьынухэр, инвесторхэр къыхахыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Меркулов Александр зи пащэ лІыкІуэхэм яхэтщ КъБР-мкІэмэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Къаздэхъу Альберт, муниципальнэ щІыналъэ зыбжанэм я Іэтащхьэхэр, республикэм и предприятэ нэхъ инхэм я унафэщІхэр.

САМЧЕНКЭ Светлан.

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Республикэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм зэрызаужь псынщІагъэм кІэрыдгъэхуакъым

2010 гъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ тынш дыдэу щытакъым. Псоми финанс Іуэхухэр зэрыщызэІыхьам къыдэкІуа гугъуехьхэр къызэринэкІыурэ, республикэм игъэзэщІащ промышленностым мэкъумэш хозяйствэми я Іэнатіэхэм Іуэхущ Іапі Іэщ Іэхэр къыщыдзэІухыныжкІэ проект куэд. Щ Іыналъэм и властхэм я зэфІэкІыр хуэзыщІагъэуІуащ, дызэрыт илъэсым и бюджетми хуэдэу, 2011 гъэм и бюджетри щІыхуэхэм яхуэгъэлэжьэным.

А псоми къадэкІуэу, экстремистхэм ягъэбзаныркъым республикэм щІэщытыкІэр зэІыгъэхьэным хуэунэтІауэ зэхащІыхьхэр икІи хабзэхьумэ органхэм я мызакъуэу, республикэм лъэлкъ куэду зэхэт и ІыхуфІэми ялэщІоуфэ. Щ Іыналъэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен быдзу и фІэщ мэхъу республикэм мамырыгъэрэ зэпІэзэрытыныгъэрэ къыщызэгъэпэщыным, абы и социально-экономикэ Іэнатіэм тэмэму зегъэужьыным КъБР-м и щІыху-хэм я акъыпри къарури зэрыкІуирикъунур.

«Интерфакс-Юг» агентствэм ирита интервьюм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентыр щытепсэлъыхьащ щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, КъБР-м и экономикэм и Іэнатіэхэм зегъэужьын я лъэныкъуэкІэ 2010 гъэм республикэм хуэзфІэкІахэм.

- КъыззэдзэкІ илъэсым къэхъуахэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр сытым игъэгушхуа, сытым игъэпІейтея икІи щыщІащ и къэрал власть и органхэм я лэжьэкІэм зэхъуэкІыныгъэ хэзылъхьа Іуэхуу сыт къэхуа?

- УрысейпсО мыхьэнэ зиІэ Іуэху зыбжанэ 2010 гъэм зэрыщыІар жыпІэ хъуну къыщІэкІынщ.

Сэ къызэрыслъытэмкІэ, гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэ, фІым ущызыгъэгуфІ Іуэхуэм, щэч хэмылъу, ящыщщ Президент Медведев Д. А. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар. Абы и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр УФ-м и щІыналъэхэм зауэжьымкІэ икъукІэ мыхьэнэзэхуэ зиІэщ. Социальнэ Іэнатіэм зегъэужьыным, узынщагъэр хъуэмэнымкІэ Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжьным хуэунэтІауэ федеральнэ властым кІыщІэ тофэхэм, къэралым и премьер-министр Путин В. В. зэрыжиІамкІэ, Іэмал къуат социальнэ Іэнатіэм и уасрэ эхкІэсахэр гъэхъуэжьынымкІэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ЩІыщылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ

●Псэуныгъэ

2011 гъэм псэуныгъэ политикэм сыт щІэуэ къыхыхьэну? Илъэсыщ Іэм къыру зыгъэуІэта унафэ псори зэхэтыкъэжьауэ фыщылъотэнущ.

Пенсэхэмрэ пособиехэмрэ

Пенсэхэр хагъэхъуэнущ мазаем и 1-м къыщыщІэдзауэ. Пенсионер мелуан 36,6-м лэжьыгъэкІэ яІэрыхьэ хэхъуэхэр процент 8-кІэ нэхъыбэ хъунущ.

2011 гъэм социальнэ пенсэхэр процент 9,1-кІэ нэхъыбэ хъунущ, мэлажьхьхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ - процент 8-кІэ. Апхуэдэу мэлыжьхьхьмазэм процент 6,5-кІэ хохъуэ цІыхухэм зэуэ ират пособиехэм - апхуэдэхэм я бжыгъэр мелуан 17 мэхъу. Мылажьэ пенсионерым Іэрыхьэ нэгъуэщІ хэхъуэхэри хэту (псалъэм и хьэтыркІэ, автобусхэмрэ троллейбусхэмрэ я билетхэр пуду къращэ) и пенсэр и кІэ къакІуэ хуэнукъым цІыхур зыхуибыдэ щІынальэм щыпсэури папщІэ я нэхъ мащІэу зыхуеину мардэм.

Анэм хухаха мылъку

Анэм хухаха мылъкур зэрыратым теухуа хабзэм зэхъуэкІыныгъэфІ зыбжанэ къыщыхъуащ.

Псалъэм и хьэтыркІэ, нэхъапэм анэм лъэІу тхылъ Пенсэ фондым щІилъхьа нэужь, ахъшэр мазих дэмыкІауэ иратыгэкъым. Абы псэупІэхэр къыщащІохукІэ анэхэр гугъу иригъэхьырт, къезыщэхэр къапэпльэн зэрамыдэм къыхэкІыу. Иджы анэхэм мазитІ пІалъэм кьриубыдэу ахьшэр яІэрыхьэн хуейщ.

Сабийм и ныбжьыр илъэсищ иримыкъуами, зи гугъу тщІы мылъкур псэупІэ къращэхун папщІэ къыІаха кредитыр е абы щхьэщатыкІын хуей процентыр япшыныжьныкІэ къаІэгъэсэн хъунущ.

Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр иджы а ахъшэр езыхэм я закъуэ унэ ящІын папщІэ къагъэсэбэп зэрыхьэнурщ. Абы папщІэ ухуакІуэхэм ягуры Іуэн хуейкъым. Мы хабзэм псом хуэмыдэу мыхьэнэшхэу иІэщ унэхэр езырезыру зыхухэу ящажэдэхэм я дежкІэ. УнэщІэхэр ящІыным е жьыр зэрагъэпэщыным анэм и ахьшэр хальхъуи хуит ящІащ.

2011 гъэм щІышылэм и 1-м анэхэм ират мылъкум аргуэру хагъэхьауащ. Мы зэманым ар сом мин 365-рэ 698-рэ кІэпейкІэ 40-рэ мэхъу.

Хущхьуэхэмрэ зэрызагъэпсэхуну тхылъхэмрэ

Льготэ зиІэхэр щІышылэм и 1-м хуит ящІащ ират дэІэпыкъуныгъэм щыщ медицинэ Іыхьэр «ягуэшыну» - иджы абыхэм Іэмал ягъуэтащ санаторэм кІуэн ямыдэмэ, пщІэншэу хущхьуэхэр къыІахьну.

Фигу къздгъэкІыжьынщи, а льготэ лІэужьыгъуэр иджыри къэс ягуэшу щытакъым. Абы щыгъуэми санаторэхэм зэрыкІуэну тхылыр кьыдэхьныр илъэс къэс нэхъ гугъу хъурт, Іэнатіэм хуаутІыщ мылъкур ягъэмащІэрти. А псом къыхэкІыу, хущхьуэхэр пщІэншэу къеІызыхэм ящыщ куэдыр санаторэхэм кІуэфыртэкъым.

Иджы льготэ зиІэхэр мэлыжьхьхьм и 1-р къэсыху аргуэру хэдэ хъунущ мыбы: хущхьуэхэр пщІэншэу къыІахьну хуей, хьэмэрэ зэрызагъэпсэхуну тхылъхэр нэхъ къащтэрэ? ТІуми хуэмейм, абыхэм ягъэкІуэну ахъшэр ирагъэщІ. Льготэхэм хэдэну хуей цІыхур Пенсэ фондым кІуэн хуейщ.

НЕВИННАЯ Ирин.
«Российская газета».



Ахъшэ иратыну къагъэув

Донецк областым щыІэ Макеевкэ къалэм лагъымитІ къыщагъэуащ метр щих фІэкІа я мызэхуакуу.

Цыху зэкІуэдакъым, арщхьэкІэ псори къэхуэам игъэжьеящ. Бзаджащ Іэхэм къаІэна тхыгъэм къыщагъэув еврэ мелуани 4 иратыну. Арыншамэ, лагъымхэр дяпэкІи къагъэуну жаІэ.

Къалэм кІуащ Украинэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министр Могилев Анатолий-рэ абы и блытыгІэтхэмрэ.

Зорыкъуанщэр наІуэщ

2009 гъэм щэкІуэгъуэм Москва икІыу Санкт-Петербург кІуэ «Невский» мафІэгъуэ къэзыгъуэахэм ятеухуа Іуэхур зэхэгъэкІыныр УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и Следственнэ комитетым зэфІигъэкІащ.

Ягъэкъуанщэхэр цІыхуибгъу мэхъу, псори Ингушым щыщщ. Нэгъабэ яуку Іаущащ а щІэпэкъаджагъэ бзаджэм хэта нэгъуэщІхэу цІыхуибл.

Фигу къздгъэкІыжьынщи, гъуэщІ Іуэгъуэм къыщагъэуа лагъымым мафІэгъум иса щІыху 27-м я гъашІэр ихьащ, нэхъыбжж уІэгъэ хъуащ.

Ягу дыхьэн папщІэ

УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и министр Нургалиев Рашид видеоконференц иригъэкІуэкІащ.

Абы жиІащ МВД-р дяпэкІэ нэхъ жыдджэру цІыхухэм зэрадэлэжьэнур. Ахэр щрагъэблэгъэнущ министерствэм и къудамэхэу щІыналъэхэм щыІэ псоми. КъулыкъушІэм зэрыжиІэмкІэ, гулъытэшхуэ хуащІынущ цІыхухэм я тхъэусыхафэхэм.

Нэхъапэм, - жиІащ министрым, - тхъэусыхафэр эхигъэкІыни папщІэ щІэтэхъуэхэм я тхъэусыхафэ ящІ. Ар делагъэщ. Дяпэкіэ сыт хуэдэ тхъэусыхафэри щхьэкІэ щызэхагъэкІынущ.

Къулыкъу ящІэну хуейкъым

УФ-м Зыхъумжыныгъэмкіэ и министерствэм и уиафэщІхэм я мурадщ 2011 гъэм дзэм щраджэну пІалъэр щыщхьэІум нэс ягъэІэнэкъуу къулыкъушІэ Къэрал Думэм зыхуагъэзэну.

Ар къыщыхэкІар Іэмалымащагъэщ. Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІм и кІуэдзэ Смирнов Василий зэрыжиІамкІэ, ныбжьыщІэхэм ящыщу мин 200-м нэблагъэ мы зэманым хуейкъым дзэм къулыкъу щащІэну, икІи Іэмал псори къагъэсэбэп абы щыпсЫуадзын папщІэ. Дзэм ираджэхэм я проценти 3-м ирырагъэзэж я узынщагъэр зэрымыщІагъэм кьыхэкІыу.

◆Инженерыдзэхэм я махуэщ 2006 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

◆Илъэс 505-рэ и пэкІэ папэ Юлий ЕтІуанэм Ватиканым и Швейцар гвардие къызэригъэпэщащ. Ар зэпымыуу къулыкъу щащІэ дзэуэ дунейм щыІэсым я нэхъыжь дыдэщ.

◆Илъэс 70 и пэкІэ (1941) кьалъхуащ испан уэрэджьаІуэ Іуэрыпэу **Доминго Плацидэ**

◆Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ балетым и урысей артист, балетмейстер, цІыхубэ къафэм и къэрал академие ансамблыр (иджы езым и цІэр зэрехьэ) и деж хуагъэхьыпІ (1937), СССР-м, УФ-м я къэрал саугъэтхэм я лауреат, Ленин саугъэтым и лауреат **Моисеев И. А.**(1906 - 2007).

◆Илъэс 90 и пэкІэ кьалъхуащ урысей кинохудожникыр, «Сэлъэтыу тхуэ балдырхэм» (Чухрай Г. игъусэу Ленин саугъэт къратащ), «ПшахьэщІым и дыгъэ хужьыр» (Ибрагимбековэ Р. и гъусэу - УФ-м и Къэрал саугъэт) ногъэущ фильм куэдми я сценарийхэр зытха **Ежов В. И.** (1921 - 2004).

◆1918 гъэм Адыгейм Совет власть щагъэуващ.

◆1924 гъэм **Ленин (Ульянов) В. И.** дунейм ехыжащ.

◆Илъэс 85-рэ и пэкІэ кьалъхуащ музыковед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Хьэхъупащ Хьэжбэчыр. 2000 гъэм дунейм ехыжащ.

◆И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Урысей Федерацэм КъБР-м я цІыхубэ егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэм я доктор, профессор **Мэлбахьуэ Борис.**

◆1985 гъэм дунейм ехыжащ Франджым и ЛІыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан Едыдж и пхъур.**

ПІалъэгъэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэд.**

Лъэпкъ Іуащ ыгъэ:

Тхьэмыщ Ікэм и дунейр гъэмахуэрщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Республикэм и экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм зэрызаужь псынщIагъым кIэрыдгъэхуакъым

(КIэухыр. ПщIэдзэр 1-нэ нап.)

Кавказ Ищхьэрэм и экономикэмрэ и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ планхэр гъэзэщIэныжмкIэ икьуклэ IуэхущхьэкIэ ЩIыгъэ трагъэкIуагъэ. Хлопонин А.Г. зи унафэщI Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым. Мы IуэхуМ щIэныгъэ кьалэн куэд яубзыхуагъ. Абыхэм ящыщщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызиужьыну щIыкIэр, республикэхэм щагъэзэщIэну инвестицэ проектхэм трагъэкIуэдзну ахъшэр къыщыщIагъэкIуэ кIэрал шэсыпIэхэр зэтегъэувэнымкIэ планыр, Кърал щIыб экономикэ лэжьыгъэмкIэ банкым и кьудамэ къызэрагъэпэщыр, Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызиужьыну щIыкIэр, республикэхэм щагъэзэщIэну инвестицэ проектхэм трагъэкIуэдзну ахъшэр къыщыщIагъэкIуэ кIэрал шэсыпIэхэр зэтегъэувэнымкIэ планыр, Кърал щIыб экономикэ лэжьыгъэмкIэ банкым и кьудамэ къызэрагъэпэщыр, Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызиужьыжьыну стратегием хагъэхьащ, адрей Iыхьэр «Урысей зэкъуэтым» и парт проектхэм хиубыдэу ягъэзэщIэнущ.

Абыхэм ящыщщ Ищхьэрэ федеральнэ округым и проектхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн папщIэ сом мелард 50-кIэ федеральнэ центркIэ щысыдэн ящыщ кьуэрыуным кьыхэкIыу дэ инвестицэ проект хъарзынэу псори зэхэту сом мелард 20-м щIигъу зыхуэзэ дубзыхуащ. Ахэр федеральнэ IэнатIэм тэмэму щыпхыдгъэкIыкIыфину сыщогъуэ.

Экономикэм зегъэужьыным и лъэныкьуэкIэ 2010 гъэм тещIыхьауэ зыхуэдгъэзэжауэ щытыкIэм республикэр и кIэм щIыкIэм зэрыкIыфIыр.

Ди республикэм, лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм дзыхьэ пщIэшхуэрэ кьызэрыхуащIым и щыхьэтщ къэралым и унафэщI нэхъыщхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыкIуар. Медведев Д. А. Налшык щригъэкIуэкIащ Кавказ Ищхьэрэм кьыпэщыт Iуэхуэхэм зегъэуха зэIущIа.

«Урысей зэкъуэтым» и Къэбардей-Балъкъэрым и Къэмэхуэм кьэзэрыгъэпэща конференцым дз дыщытепсэльыхьащ нэхъыбэкIэ узыщыгугъэ хъуну инвестицэ проекту округым и хэгъуэгу псоми кьыхалъхьаужм. Зэи кьэмыхъуагъэ, Федерацыемкъ Советым щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр икIи абы хиубыдэу сенаторхэм дз ахуэзтIуэтащ ди ехъулIэныгъэ хэмтэ тхуэзэрIэкIынуэхэмэ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, мыпейуэ дылэжьащ, псоми зэпэщIысуэу мы гъэм республикэм и щIыналъэм щыщыкIуэ щIэпхъаджагъэхэм я гугъу умыщIмэ. Абыхэм я зэранкIэ ди екъулIэныгъэхэри хэпщIыкIыу фагъуэ мэхъу. Апхуэдэу щыт пэтми, хэти ирехъуи, республикэм и зыужьыныгъэр зыми кьыхъэтегъэуцуфIынукъым.

2011 гъэм ди республикэм мамырыгъэр щызэтеуэжыну дыщыгугъ ыкIи. Республикэм щыIэ МВД-мрэ УФСБ-мрэ я унафэщIхэр зэрахъуэжащ. Быдэу сащогугъ КъБР-м и апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр IэмэпсымкIэ нэхъ мащIэ щыкъуэн папщIэ Iуэхум щIэуэ евъэплажэр я кIаурум емыблэжыну.

- 2010 гъэм экономикэм зегъэужьыныгъэ республикэм кьалэнныкъуэкъэр зыхуигъэувыжауэ щытащ. Ахэр фхуэгъэзэщIа? КъэкIуэну зэманым хуэгъэзауэ апхуэдэ тегушхуэныгъэ фиIэ?

- Финанс-экономикэ кризисым гугъуэхь куэд кьыдэкIуа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэзэфIэкIащ экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм блэкIа илъэсхэм зэрызаужьа псынщIагъэр кьызэтригъэнэн. ЗэкIэ кьыззэрабжамкIэ, валовэ щыIныгъэ продуктыр сом мелард 74-рэ и уасэ мэхъу, ар илъэс кIуам елъытауэ процентыр 3,5-кIэ нэхъыбэщ. КьызэрытлыхьэмкIэ, лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ псоми фейдэуэ кьапэкIуар 2009 гъэм нэхъыбэ хуэдэ 1,6-кIэ нэхъыбэнущ. Апхуэдэу дз тхуэзэфIэкIащ мэкъумэш IэнатIэм кьыщалэжьыш хэдгъэхуэн.

Дыщэрыт илъэсым КъБР-м щIэуэ предприятэ куэд кьыщызэIуахащ. Абыхэм ящыщщ Iуэхущ IэнатIэм папщIэ гъущIэхэIкIэм кьыхэщIыкIа унэIуащIэ зэгъэхьэзыр «Джекъ» предприятэр, пластик контейнерхэр, гъуэгу зекIуапIэхэр кьыззэрыщащIкI плиткэхэр кьыщIэзыгъэкI заводхэр.

Мэкъумэш IэнатIэм кьыщалэжьыр проценти 6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Гъавэу тонн мин 637-рэ кьрахьэлIащ. Абыхэм къадэкIуэу промышленностымрэ агропромышленнэ комплексымрэ я предприятэхэм щыпащащ IэнатIэкIэ зэрэфIэкIуэныжымрэ.

ЗэфIэкIышхуэ кьэзыт Iэмэпсымщ IэнатIэхэр щагъэуващ «Кавказкабель» кабель заводэ» акционер обществэ зэхуэщIам, «Тэрчалмаз» акционер обществэ зэIуам, «Севкаврентген-Д» ООО-м, «Эрпак» акционер обществэ зэхуэщIам, «Комплект» вакъэ фабрикэ» ООО-м предприятэхэм. IэнатIэхэм я техникэ щытыкIэр кьэгъэщIэрэщIэжыныбмрэ егъэфIэкIыжыныбрэ псори зэхэту сом меларитф щIигъу трагъэкIуэдащ.

Предприятэхэм я мыхьэу нэхъыщхьэм инвестицэу халъхьар 2009 гъэм елытауэ хуэди 2,4-кIэ нэхъыбэщ.

Дз адэкIи пытщащ хьэрычэт IэнатIэм зэщIагъэкъуэжа - абы сом мелуан 200-м щIигъу хуэдэтIыпщащ. БлэкIа илъэсым кьриубыдэу бизнес-инкубаторэр Бахъсэн, Прохладнэ районхэм кьыщызэIуахащ. Ауэ екъулIэныгъэ нэхъыбэ зэрагъэкIуэр, Дзыхьуэкъуэ илъэсыщIэм дз ехъулIэныгъэ папщIэ дз инвестицэ проект гупыфI дгъэхэзыращ икIи абыхэм ящыщ зыIыхьэр Бахъсэн Ищхьэрэ федеральнэ округым зэрызиужьыжьыну стратегием хагъэхьащ, адрей Iыхьэр «Урысей зэкъуэтым» и парт проектхэм хиубыдэу ягъэзэщIэнущ.

Ныр» мыхьэнэщхуэ зиIэ проектхэм хиубыдэ уэхуэныгъэхэр. Абы и фIыщIкIэ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ паркым щыщ щIы нэхъыфI дыдэу гъэтар 400-м щIигъуи экологие мардэ псоми тету уэхуэныгъэ щегъэкIуэкIыныкIэ Iэмалхэр зэтрагъэувэнущ, апхуэдэу мы щIыпIэм щыIэ коммунальнэ гугъуэхьхэр кьыщрахьэщIащ.

Проект нэхъыщхьэ дыдэу кьалытэ сом меларди 2,6-м щIигъу зытекIуэдэну «Азау» бгы-пыжэ комплексыр уэхуэным тещIыхьар. Абы икIи ятIэ, Урысей Федерацэм и Инвестицэ фондым и ахъщэ кьызэщIэгъэуIуэныжмкIэ щыIэ Iэмалхэм дыхоплъэ.

Iуащхьэмахуэ дэкI кIапсэ гъэзэгъи и ещанэ Iыхьэр яуэ кьудиер. Ар лажьэу хуежьа нэужь, лыжэкIэ къэзэжьыхьэр метр миниплIым нэс лъагаIэм щыIэ «Гара Баши» станцым нэс кIуэфынущ. Абы нэхъри нэхъ лъагэу Европэм нэгъуэщI зы станци щыIэнущ.

Зэман гъунэгъу дыдэм кьыриубыдэу ди мурадхэм я гугъу пщIымэ, Кавказ Ищхьэрэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ стратегием хиубыдэу 2025 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэщIэзэрагъэпэщынущ Щэрджэм, Щэрэдж, Iуащхьэмахуэ районхэр зыхиубыдэ турист-рекреацэ щIыналъэ хэха.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэтхэнэ цIыхуми и псэукIэр егъэфIэкIуэныжмкIэ фи гугъапIэхэр сыт хуэдэ?

ЛэжьапIэм хэхъуэну? Ар ику иту Урысейм щатым пэгъунэгъу фщIыфыну фы-гугъэпэ? Мы гъэм лэжьапIэ IэнатIэу дацэ кьыззэрагъэпэщ Бахъсэн щIыналъэм и гъунэгъу щIыналъэ кIуам елъытауэ тегушхуэныгъэ зэрыщIэкIыжыну.

- Псом нэсу жысIэнщи, альандэрэ дыхьэтепсэльыхьэ проектыщIэхэр ди деж лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр кьыщызэIуахынымрэ и лъабжьащ. Ар ящэу.

Инвестицэ проектхэр зэрагъэзащIам, социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыщIкIэ дз тхуэзэфIэкIащ илъэсым и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэншэхэм я бжьыгъэ щIыку мин 12,3-м нэсу дгъэзэщIам, ар нэгъабэ елытауэ процент 41-кIэ нэхъ мащIэщ. Ику иту ятI лэжьапIэр проценти 8,3-кIэ нэхъыбэ хъуащ. 2011 гъэм бюджет IэнатIэм пэрытхэм и улахъэм процент 2,9 хуэдэ хъуащ.

Абы и Iыхьэныкъэ дз адрей щIыналъэхэм дакъыкIэрыхуу щытащ. Ауэ иджы Ставрополь краймрэ Щэшэн Республикэмрэ дакIэлъыкIуу, ещанэ уиныгъэ тIыгъыну щыщIыкIынущ. Зи гугъу щыр бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ират улахъэр зыхуэздзымкIэщ.

БлэкIа илъэсым дыдэхьэ 2011 гъэми Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIащ. 2010 гъэм дз зыхуэдгъэзэуныжмрэ щыта социальнэ щIыналъэ зэхуэгъэпэщIащ. А политикэм дз Iэмал имыIэу адэкIи пытщынущ.

Апхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэу кьызэлъытэ 2009 гъэм елыытауэ ику иту ятI пенсэр процент 43-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар.

ЛэжьапIэ IэнатIэщIэу 1500-рэ кьызэIуахащ, лэжьапIэншэхэм ящыщу цIыху 2100-рэ хъэрычэт IэнатIэм пэрыуэнымкIэ гъэ кьэс ирагъэкIуэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ уэхуэныгъэу ,щIы бжьыгъэхэр, абыхэм Бахъсэн, Май кьалэхэм дащIыхьа уэзыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексхэр, алырыбгъуэкIэ къищIыкIа футбол джэгунIэу Тэрч, Лэскэн, Дзэлыкъуэ районхэм, Налшык кьалэм, лIыщхьаш ещанэ кIэрыдгъэкIа комплексым щыIэхэр, Май кьалэм и парк комплексымрэ муэймрэ, апхуэдэу псы, газ зрикIуэ бжьамий гъуэгуэр яхэту, кьызэрызэIуахам и фIыщIэкIэ. Иджы дыдэ дз къэдпщIтэжащ гъэ кьэс ирагъэкIуэ «Бизнес мурад нэхъыфI» щIалэгъуалэ зэпеуэм къриIуэхэр. Абыхэм ящхъ иткIэ щIалэ, хъыджэбз 42-м езыхэм я проектхэр зрагъэзэщIэн папщIэ грантхэр хухахыщ. Са кьэкIэрыспытэмкIэ, щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр кьагъэсэбэныну зэрыхуцIэкъур ядэIыгъын хуейщ.

ИкъукIэ мыхьэнэщхуэ иIэщ сабий етхуанэ е абы кьыкIэхъыжкIэ сабий кьызыгъэ ящIыну унагъуи 143-м республикэм и законодательствэм тету псэупIэмкIэ сертификатхэр зэрыратам. А сертификатхэр, анэхэм ират ахъшэм хуэдэу, ди щIыналъэм кьыщагъэсэкIыжынущ щIыпIэщ инвестицэхэм я нэхъыбэр Iуащхьэмахуэ лъапэ и инфраструктурэм зегъэужьыным хухах. Абыхэм я кьэкъкIэ ящIынущ «Iуащхьэмахуэ лъапэ» ятIэпсымрэ уэсучхьэумрэ щызыхъумэ уэхуэныгъэхэр», «Iуащхьэмахуэ лъапэ ирафэ псымкIэ кьызэрэпэщынщ» псы зыпкIуэ щыкIу тыгъэ хуащIащ.

А щыкIэм тету дз хуэм-хуэмурэ кьызэдгъэпэщ республикэм исхэм яхуэфащэн псэукIэ. Шэч хэмылъу, щIыналъэм экономикэм зиужьыжу, бюджетым и хэхъуэгъэ нэхъыбэ хъуху дэри Iэмал нэхъыбэ диIэнущ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным тегъэгъэзэжа ахъшэр нэхъыбэ тIыдынмкIэ.

- Иджыблагъэ къыхагъэщауэ щытащ республикэм и урысхэр имыIэпхъуэкIымкIэ сабэп хуэ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщIэзыщIэр. АтIэ, лъэпкъ куэд зэрыс щIыналъэу ди республикэр зэрыщытым нэхъ зыиубгъауэ утепсэльыхьыфыну пIэрэ?

- Ар нэхъ апэкIэ зи гугъу сщIа агропромкэтхэрщ. Промышленностыр кьаплъэкIа. Мелард 12 и уасэ Май районым щыIэну заводыр, полимер кьабзэхэр кьыщIэзыгъэкIынурщ. А проектым социальнэ уэнэтIныгъэ иIэу къэпIэпIэкIэщ, сыту жыIэмэ лэжьапIэ IэнатIэу мини 2,5-рэ кьызэIуихынущ. Апхуэдэу а проектым и фIыщIкIэ щы гектарищэ зыубыд теплицэ яухуэнущ икIи ар предприятиер щыIэ кьыхэсэбэ псы хуабэмкIэ ягъэплъынущ. Проектым хеубыдэ заводым и IэщIагъэлIэхэр щыпсэунэу пселкэ, сабий сад, амбулаторэ, пошт, нэгъэуцI социальнэ инфраструктурэ щыIэ хуеину.

Социальнэ IэнатIэр къащтэмэ, мыбы япэ щрагъэщынущ узынышагъэр хъуэмэныжкIэ Iэхъуэцлэ IэнатIэхэр кьэгъэщIэрэщIэжынущ. Къащтэмэ, район сыжыдзэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ зэрагъэпэщыжыну, республикэм и Сабий унэр ХъэзыI ящыну, онкологие диспансерыр ухуэным пае, перинатальнэ, ренатальнэ, акушер-хирургие центрхэр кьарагъэжьэну я мурадщ.

Дызэрыхьа илъэсыщIэм и кIэм ирихьэлIэу Музыкэ театрымрэ Налшык курортым и зыпэчсхэуплъэхуэмрэ зэпэщIыжыкIэ ящыкIэ хуейщ. Спорт ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкI, къащтэмэ, алэрыбгъэкIэ кьишыкIа футбол джэгуплIэхэр Налшык кьалэм, республикэм и Дзэпашхьэ щIэрэдж, Щэджэм районхэм щащI, Налшык дэт Стадионыр ирагъэфIакIуэ.

Жылагъуэхэр псыкIэ кьызэгъэзэпэщынымк мыхьэнэщхуэ зэриIэр кьыхэлIащ. Ди деж жыIэрэ пытщынущ зыхуэфащэ республикэ программэр гъэззэщIынымк хуибудэу. Абы ипкъ иткIэ, хуажэхэм псы кьыщIэшыпIэщIэхэрэ псы ежьапIэхэмрэ щыIэнущ.

- Иджыпсту зыщыбгъэгъупщэну гугъуэ Москва и Манеж утым, Урысейм и нэгъэщI кьалэ инхэм кьыщIыхьыхьэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийр зэрауIар, Ставрополь щыналъэм щыщ щакIуэхэр республикэм и Бахъсэн районым зэрыщыхьуэр, ахэр зэхэзыщIыхьахэр ящIэрэ?

- Мыбы ящыщ кьыщыхьуэ Iуэхуэ зэрыщыIэ пIэлъэкъэр зэрыщIэзыгъэпэщ Iэщ Iагъэ Iэмал имыIэу ди щIыналъэм и Iуэхущ. Ар Урысейр зы кьэралыгъуэу щытыным и бий Iуэхущ . ИпэжьыпIэкIэ кьаплъэгъэ, экстремист гуп псори ирагъэкIуэ. Ауэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр сэ зы унагъуэшхуэу кьызэлъытэ икIи а унагъуэр нэхъ быда, зэкъуэт хуэн папщIэ ди кьарум деблэжьынкъым.

Интерфакс-Урысей.
2011 гъэм щIышылэм и 11-м.

●Гу зытыгъэтхъэ

Хьэжьвакъэжьышхым зыкъеевмыгъэгъапцIэ!

УФ-м и Къэрал Думэр иджыблагъэ ткIийуэ тепсэтыхьхьащ гъэщIагъэкIэ щIыхуэхэм ахъшэ куэд яфIэзышхуэ щыта зиужьхьэн Мавроди и хьэгъэщагъэхэм пищIыну зэрыкуэдьаям. ММК финанс пирамидэр кьыззэгъэпэщащ щытам аргуэру кьнгупсысащ ММК - 2011 («Мы Можем Много») зыфIища проектыщIэ.

ЗИУСХЬэН Мавроди «куэд зэрыхуэзфIэкIым» щыгъуэзэщ абы мылькушхуэ зыфIишхауэ щыта урысей щыху мелуанэхэр. ММК гъэпцIанIэ инир хабзэхъуэ зэхущIыжаУэ щытащ, ар кьыззэзыгъэпэщари зэхищIыха хьэгъэщагъэхэм папщIэ илъэспIпэ ныкъуэкIэ пIэхъуэщщым нсащ. Ауэ хуит кьызэрыхьуэжу зытета гъуэгум теувэжащ. Ирагъэпщына тезырым абы дерс лъэпкъ кьыхихакъым. И пщIэнтIэс хьэлэлкIэ псэуным и пIэкIэ Мавроди зэрегъэпщI «пшахъуэм ахъшэр кьыззэрыхихынымI эмалыжьэр. Иджы кьызэрыгъэпэща проектыщIэм кьыхихьэхэр абы кьеГъэгъуГъэ кьыхалхьа ахъшэм и процент 20 мазэ кьэс кьаригъэлэжьыну, уеблэмэ ныкъуэдыкъуэкIэрэ пенсионер хэмрэ папщIэ а бкьыгъэр процент 30-м нэсу щытыну. ЖыIэзыфIэщхэм я дежкIэ ар удэзыхьхьан Iуэхущ. Псом хэмыдэу «гурыфIыгъуэшхуэ» абы ныкъуэдыкъуэхэм гулъытэ хэха зэрахуIэр.

Хьэжьвакъэжьышхым кьигупсыса схемэр, кьуэкIыпIэ кьэралхэм я IэщIагъэлIэжьым зэрыкалэмкIэ, хуабжьу ещхьыкIагъэ Америкэм и щыху мелуанэхэр зэрхунщIа щыкIэм. Иджы хамэ къэрал «пэжьэкIэ пэрытыр» ди деж кьыщагъэсэбэпыну яужь итщ. Ар зытещIыхьар щыху жьыззыфIэщхэр, ахъшэ джэгуным дегъэзыхьыгъуафIэхэр. Абы кьыхэкIыу Мавроди хидза кьунтхым кьыфIэнэнуэрэн щыIэнущ. Апхуэдэхэм занщIэу жжеIэпхъэщ: ахъшэ дзегуныр зи IэщIагъэкъэм ахъшэ фдэмыджэну, абы фи бохьшэр нунэщIынущ, фи узынышагъэр яхьынущ.

Хьэгъэ кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Мавроди и зи чэзу проектыр кьыззэпыудыным и лъэныкъуэкIэ Къарал Думэм хуэзфIэкI псори илэжьыну, абы папщIэ законодательствэми зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьну зэримурадыр. Мы Iуэхум ящхуэду дз Генеральнэ прокуратурэм зыхуэзгъэзауэ щытащ. Абы япкъ иткIэ, Урысейм и МВД-м экономикэ щынагъэныгъэмкIэ и департаментым и пресс-Iуэхущ IапIэм и унафэщI Пилипчук Андрей кьыдитIыжа жэуапым зэритымкIэ, УФ-м и МВД-м Мавроди щIэуэ кьызэрыгъэпэща финанс пирамидэм зэхэщIыкIэхэр кьыпщытэу щыхуежьэнэр ар законым ебакъуэмэщ.

ВАСИЛЬЕВ Юрий,
Къэрал Думэм и депутат.

Нэхъ ткIийуэ ябгъэдыхьэн

КъБР-м щыIэ МВД-м ГИБДД-мкIэ и Управленэм 2010 гъэм и лэжьыгъэм къриIуэхэм ящыпIэжа зэIущIэ кьызэрыщыхагъэщащи, гъэзугъэм кьыщыхьу аварием я бжыгъэр адрей илъэс кIуам хуэдэу щытащ. Ар ящыпIэжа зэкIуадэхэр 2010 гъэм нэхъ мащIэщ, ипэ ита илъэсым елытауэ.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ УГИБДД-м и унафэщI милицэм и полковник **Къудей Арсен.**

Республикэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэм кьыхигъэщащ республикэм и Тэрч, Бахъсэн, Щэджэм куейхэм я гъуэгуэхэм насыпыншагъэ нэхъыбэ кьызэрыщыхуар, абыхэм цIыхуу хэкIуадэм, фэбжь хэзыхьым я бжыгъэм зэрыхэхуар.

ИлъэскIуам ди республикэм гъэзугъэм зэрыщызекIуэ хабзэр мин 434-рэ хьэщыщэпэрудащ, ар зи зэранкъм псори зэхэту сом мелуани 100 кьуэдыкуэ тралъхьащ. АрщхьэкIэ ар и чэзум зытар абыхэм я процент 20-рщ. Автоинспектор нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэр кьыхуриджащ кьуэдыр кIэлъэф эщщкъм нэхъ ткIийуэ ябгъэдыхьэну, хуей хьуэ, апхуэдэхэм яхь жэуапыр нэхъ куу зыщI Административнэ кодексым и 25-нэ статьяр кьагъэсэбэпыну.

Щытыкъм и гугъу щищым, Къудей Арсен кьыззэрыхъэщамкIэ, 2005 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм 40-рэ Iэщэкlэ кьатеуащ. Илъэс кIуам апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 21-рэ ялэжьащ. Абыхэм цIыхуи 8 хэкIуэдащ, 13-м фэбжь хахащ, плыир автомашинэ 11-м ныкъуэсанытIэ ягъэтащ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджагъэмкIэ яужьащ.

Милицэм и подполковник **Ульбашев Руслан** кьызэрэгъэльэгъуамкIэ, ипэ ита илъэсым елытауэ, 2010 гъэм аварием кьхъуэар процент 25-кIэ нэхъ мащIэу щытащ. Кьалхэмрэ жьылагъуэхэмрэ пIэщIэу кьхъуащ гъуэгу насыпыншагъэ 180-рэ, абыхэм цIыху 61-рэ хэкIуэдащ, 236-м фэбжь яхъугъэщ. Апхуэдэхэм я Iыхьэ щынэр кьыщыхьуар Налшыкщ, абыхэм цIыху 34-рэ хэкIуэдащ.

Аварием нэхъ мащIэ зэррыхуэ ам кьыдэкIуэу, гъэ зэгум зэрыщIэкIуэ хабзэр нэхъыбэрэ кьызэпаудащ кьызэрарыкIуым хуей псынщIагъэм зэрыщIрагъэгъуэм (процент 22,2-рэ), зытетым хуей льэныкъуэм зэрытекIам (процент 39,2-рэ), чэфу рулым зэрыдэтIысхьам (процент 22,2-рэ) кьыхэкIыу. АпхуэдизкIэ ныкъуэсанытIэхэр щынэхъыбэщ ШэджэМ, Май, Прохладнэ куейхэм.

Лъэсрыкъуэхэм я зэранкIэ кьэхъу аварием яхэ хэхъуащ. Апхуэдэ гъуэгу насыпыншагъэу 144-рэ щыIати, цIыху 46-рэ хэкIуэдащ, 107-м фэбжь ягъэтащ.

Республикэм кьыщыхьу аварием я нэхъыбэр кьыхокI гъуэгуэхэм я щытыкIэр зэрымыщагъэм. Ахэр зэрагъэфIакIуэ пэтми, пщалъэм нэсыным куэд хуейщ. Аварием я нэхъыбэр кьроклуэ абыхэм и бгъуагъуэ щытын хуейм кьызэримыIтаСэм, кьмбльэмбхэр зэриIэм, тэмэму кьызэрамыIэнэхэуэм. Апхуэдэ ныкъуэсанытхэхэм я зэранкIэ аварие 242-рэ кьэхъуатIи, цIыху 76-рэ хэкIуэдащ, 288-м фэбжь ягъэтащ.

Гу лъытэ нэхъ зыхуэщIапхъэ, зэпэтIылъхьэ имыIэу зэфIэкIын хуей гугъуехьхэри зэIущIэм щаубыхьуащ. Къудей Арсен кьыхигъэщащ Центральнэ бззэрым егъэщIыла Горькомрэ ПащIэмрэ я щIэхэр зеэзыхь уэрамхэр икIыщIыпхьэ зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейр, а щIыпIэр пщIэ зыщIат автомашинэ гъэзывпIэу кьызэрагъэсэбэпыр щыхьэзэрыкIыхигъэщащ.

Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкIами, кьапэщIылъэри мащIэкъым. Аварие зэрыщIахьыжащ. Ахэр зэрагъэкIуэ я нэхъыбэм я ныкъуэсанытхэм я щытыкIэр зэрелытыгъэ, зэрыщыту Управленэм я унафэщIэм я лэжьакIэм зэрелытыгъэ ирегъэблэжьлащ, дэтхэнэми я ныкъуэсанытхэхэм гу лъыригъэтащ Къудейм. Дэтхэнэ лэжьакIуэри и кьалэным ткIийуэ пэрытын, ди зэманым кьигъэуэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр, Зэмпсымщэхэр кьагъэсэбэпу гъуэгу щынагъэншагъэр кьыззэрагъэпэщын, щытыкIэр ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр кьыззэхуэсхэм яжриIащ.

Я лэжьакIуэм хэль ныкъуэсанытхэхэр кьалытэрэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м 2011 гъэм зэфIагъэкIын хуей кьалэныщIэхэр яубзыхуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэр

КъБР-м къелбгъащ Урысей Федерацэм и Къэзыжь палатэм и унафэщI Степашин Сергей.
Сурэтыр 2002 гъэм трахащ.

псоми быдэу вжьзоIэ, кьызыхэкIа лъэпкъым темыщIыхьауэ, законым пэщIэувахэм, нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэр - цIыху лажьэншэхэм я псэр зыгъэнахэм яхуэфащэ зэрыпысыжьнур.

- Иджыпсту псом я дежкIи нэрылъагъуэ республикэм щыIэ щытыкIэр зэщIэгъэзэпльэным зи фейдэ хэль къыдрухэр зэрыщыIэр. АтIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрыгъыныгъэр щыхуэмэным хуэунэтIауэ сыт хуэдэ Iуэхуэр зэ кьыхэплъхьэну уи мурад?

- КъызэрысфIэщыжмкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зэрызэхащIыхьым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щIыналъэ пыухыкIам и экономикэр зэрыпъэрмыкъыр е республикэм исхэм я псэукIэр зыхуэдэр аракъым. Зи гугъу тщIы щIэпхъаджагъэхэм я нэхъыбэр экономикэ и лъэныкъуэкIэ зи Iуэху мыIей Бахъсэн районым кьыщоухъу. Щэч хэмылъу, хабзэхъуэмэ органэр икьуклэ егупсысауэ икIи зэгурыIуэу лэжьэн хуейщ. Абы къыдэкIуэу дз ди кьалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм жыджэру дадэлэжьэну.

Зэман благъэм кьриубыдэу кьуажэ къэс жылагъуэ советэхэр кьыщызэдгъэпэщыну кьыщIэкIынущ, Iуэхум цIыхубэр, щIалэгъуалэр, я кьуажэдэс псори сыхьэтэщэнщ. Бахъхуэхэр кьафIэмыIуэхуэу щымытым папщIэ, дыкIуэрэ абыхэм депсэльэнщ. Си щхьэжьэ сэ Бахъсэн районым хиубыдэ кьуажэхэм сыкIуэну, депутатхэр зыхьхьэ жылагъуэ совет зэхуэсшэсыну, экстремист щIэпхъаджагъэхэр кьыщIэзыгъэкIынущ. Ар икьуклэ дыкъэнэжьауэ щытащ. Бахъсэн районым щыIэ идеологиям. Дэ кьыдопытэ цIыхур щалъхуа щIыпIэм, зэрыщIыту Урысейм фIыгъэныгъэ хуиIэнкI, хабзэм, диным тетыныр псом нэхъыбэ хъьапIэу. ЗыщIыбгъэгупщэ хьунукъым ди нэхъыжьхэм кьыхтхуагъэнауэ лIащIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ щIэблэгъэхэм зэIэпах хабзэхэр. Исльамыр мамырыгъэм тещIыхьа диныц, КъурIэным итщ цIыху быиныныгъуэныхьыныгъуэ зэрыпIыльэр. Абы кьыхэкIыу зы лъэныкъуэкIэ хабзэхъуэм органэр, адрей лъэныкъуэкIэ - граждан жылагъуэ Iуэхущ. Ар 434-рэ хьэщыщэпэрудащ, ар зи зэранкъм псори зэхэту сом мелуани 100 кьуэдыкуэ тралъхьащ. АрщхьэкIэ ар и чэзум зытар абыхэм я процент 20-рщ. Автоинспектор нэхъыщхьэм и лэжьакIуэхэр кьыхуриджащ кьуэдыр кIэлъэф эщщкъм нэхъ ткIийуэ ябгъэдыхьэну, хуей хьуэ, апхуэдэхэм яхь жэуапыр нэхъ куу зыщI Административнэ кодексым и 25-нэ статьяр кьагъэсэбэпыну.

Щытыкъм и гугъу щищым, Къудей Арсен кьызэрыхъэщамкIэ, 2005 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм 40-рэ Iэщэкlэ кьатеуащ. Илъэс кIуам апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 21-рэ ялэжьащ. Абыхэм цIыхуи 8 хэкIуэдащ, 13-м фэбжь хахащ, плыир автомашинэ 11-м ныкъуэсанытIэ ягъэтащ. ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджагъэмкIэ яужьащ.

Милицэм и подполковник **Ульбашев Руслан** кьызэрэгъэльэгъуамкIэ, ипэ ита илъэсым елытауэ, 2010 гъэм аварием кьхъуэар процент 25-кIэ нэхъ мащIэу щытащ. Кьалхэмрэ жьылагъуэхэмрэ пIэщIэу кьхъуащ гъуэгу насыпыншагъэ 180-рэ, абыхэм цIыху 61-рэ хэкIуэдащ, 236-м фэбжь ягъэтащ. Апхуэдэхэм я Iыхьэ щынэр кьыщыхьуар Налшыкщ, абыхэм цIыху 34-рэ хэкIуэдащ.

Аварием нэхъ мащIэ зэррыхуэ ам кьыдэкIуэу, гъэ зэгум зэрыщIэкIуэ хабзэр нэхъыбэрэ кьызэпаудащ кьызэрарыкIуым хуей псынщIагъэм зэрыщIрагъэгъуэм (процент 22,2-рэ), зытетым хуей льэныкъуэм зэрытекIам (процент 39,2-рэ), чэфу рулым зэрыдэтIысхьам (процент 22,2-рэ) кьыхэкIыу. АпхуэдизкIэ ныкъуэсанытIэхэр щынэхъыбэщ ШэджэМ, Май, Прохладнэ куейхэм.

Лъэсрыкъуэхэм я зэранкIэ кьэхъу аварием яхэ хэхъуащ. Апхуэдэ гъуэгу насыпыншагъэу 144-рэ щыIати, цIыху 46-рэ хэкIуэдащ, 107-м фэбжь ягъэтащ.

Республикэм кьыщыхьу аварием я нэхъыбэр кьыхокI гъуэгуэхэм я щытыкIэр зэрымыщагъэм. Ахэр зэрагъэфIакIуэ пэтми, пщалъэм нэсыным куэд хуейщ. Аварием я нэхъыбэр кьроклуэ абыхэм и бгъуагъуэ щытын хуейм кьызэримыIтаСэм, кьмбльэмбхэр зэриIэм, тэмэму кьызэрамыIэнэхэуэм. Апхуэдэ ныкъуэсанытхэхэм я зэранкIэ аварие 242-рэ кьэхъуатIи, цIыху 76-рэ хэкIуэдащ, 288-м фэбжь ягъэтащ.

Гу лъытэ нэхъ зыхуэщIапхъэ, зэпэтIылъхьэ имыIэу зэфIэкIын хуей гугъуехьхэри зэIущIэм щаубыхьуащ. Къудей Арсен кьыхигъэщащ Центральнэ бззэрым егъэщIыла Горькомрэ ПащIэмрэ я щIэхэр зеэзыхь уэрамхэр икIыщIыпхьэ зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейр, а щIыпIэр пщIэ зыщIат автомашинэ гъэзывпIэу кьызэрагъэсэбэпыр щыхьэзэрыкIыхигъэщащ.

Iуэхугъуэ куэд зэфIагъэкIами, кьапэщIылъэри мащIэкъым. Аварие зэрыщIахьыжащ. Ахэр зэрагъэкIуэ я нэхъыбэм я ныкъу

ВЭРОКЪУЭ Владимир

Лей зыхуэгъэгъум къахурегьэгъу. Хэкум папщIэ тхьэлъэIу

Романым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлыкIуэр. Пащщэдзэр № №5, 7-хэм итщ).

Iу жур здэщыIэр мырат. Нобэ зи пащтыкIыгъум и адэм уей-уей щыжригъIа лъэхъэнэм Марвенэ оазисым щыпсэу тыркумэнхэр урыс тепщэгъуэм и лъабжьэм къыщIэвауэ щытащ. АрщхьэкIэ езыхэри яIэщIэлъ Индием и Iэгъуэблагъэ щыпIэ хэри Урысейм и лъэныкъуэ хъуным щышына инджылызэхэм афганхэр урысхэм кьраущтащ. Пэжщ, а щыпIэм пэмыжжьэуэ щыIэ урыс батальонхэр, Комаров генералыр я пашэу, ятпэщэуэри афганхэр, аэрэ куэдкIэ нэхъыбэ хъу щхьэкIэ къэмынэу, эзэхакъ утщ. УкIыбгъэу, уIэгъэу щыху минкэр яфIэкIуэдауэ афганхэр щIэхъуэжащ, я ущиякIуэ инджылыз офицерхэр япэ иту.

- БлэкIар блэкIащ, - жеIэ пащтыкъ Александр, и дамэм кьыт еуIу э мыхъу, Iэпэкlэ кьеIуСэ кьудейуэ. - А уи писмор кьэтщIэжьынщ. Iэмал имыIэу. Инджыстукlэ сэ Iуэху пIщIэгъэ пхуэнIэщ.

Шей ефапIэ стIол щыкIуи и деж и хьэщIэр игъэтIысри, инджылыз шенбжьэ зырыз ирафыкуу Дахэуэс и хьыбари, абы и кьуэ щыкIуи и натIэ хъуари кьыхуиIуэтащ.

- ЩIалэ щыкIыр кьуэ сщIынщ, - жеIэ Чегемскэм. - Тхьэшхэр кьуэкIэ кьыскуэ уупсакьым. Иджы, Зи Щ1ыхьыр Лъагэ, си жьыщхьэ насыпышхуэ кьызыбот.

Императорым и секретарым унафэ хуещI.

- Кавказ кьинкIэхэр кьыскхуеджэ.

Пащтыкьым и лэжьапIэ пэшьышхуэм кьыщIашэ цей хужь зыщIгъ лIинщэ хьэзырхэр кьызытелыдыкI, кьамэ зыщIэпха адыгэ фащэ кIэуэ зыщIгъ, ильэситхуэ итIн щIалэ щыкIуэр. Абыхэм ящIыгъуу Зи Щ1ыхьыр Лъагэ Императорым и хъумакIуэ гупым и тэрмэшыр.

- Фыкьеблэгъэны си гуапэщ, - жеIэ пащтыхьым.

ХьэщIэхэм, я Iэр я бгъэм тельу, балькъэрбзэкIэ сэлам ькат.

- Сэ сыщыгъуазэщ фыкьызытекIухьам, фи гущIэгъуныныгъэм папщIэ фIыщIэ фхуэощI.

ХьэщIэхэм я нэхъыжьым лъэхъстэн плIыжь дэлъхьэпIэм писмо кьыдеж.

- Джьнаэшпхъу Дахэуэс Зи Щ1ыхьыр Лъагэм кьыхуигъэхъ тхыгъэ.

Секретарым писмор кьыIэрехри пащтыкьым йопль. Модрейм и щхьэр ещI. Секретарым писмор зэтрех, аргуэру пащтыкьым йопль.

- Кьеджэ!

Тхыгъэр тепсэныхьыр т кьъбзрдей лъэпкым, хэхауэ Амыщащхэм урыс пащтыкьыгъуэм хуаIэ гурыщIэ лъагэм; Дахэуэс и адэшхуэм пшхуэдэ тхыгъэ дыдэ Урысей игиГъэхьыну иужь зэритам, арщхьэкIэ, урысхэр гъэныбжьэгъэным и бийхэм якIэщIауТIыпщащ лIыукIэм лыкIу зи гъуэгуанэм зэрыщаукIам. Джьнаэшпхъум итхыгрт амыщейдэсхэр я льапсэм ирахуну дзэ кьыдзэрригъэкIуамкIэ Убецюк зэрыкъ уанщар; зэхэублэну зэкъуэ ар псэууэ кьыдзэремылымрэ абы щIэ кьыдзэрыгъэр кьъбзрдей Нэхъыщьхьэрати, ар пащтыкьым елъэIурт: «Зи Щ1ыхьыр Лъагэм уи Iэмыщ1э изолъхьэ си кьуэр, абы и гъащIэр. СощI - щIалэ щыкIуи гущIэгъу кьызэрыкуэпщIынур, гъльэгъэшэу кьызэрымылгъэнэнур».

- Дахэуэс и кьуэ Адыгэ щIыгъуу дэ кьызэдэтащ Амыщхэ хъугъуэфIыгъуэ псори, - жеIэ балькъэрзэм я нэхъыжьым.

- У э, щыхуу щэджащэм ют кьызэрощхьэр? - щIоупщIэ джьнаэзыр.

- Чегембай.

- Сыт, атIэ, Чегембай мыльку кьызыхуигъанэу щIалэ щыкIур гъэр щIимыщIар?

- Iэу! Апхуэдизу пщIы хьурэ? - ергъащIагъуэ иджы Чегембай. - Дэ, Кавказ бгырысхэр е лIэнкъэнэну дызэбийщ, е дызэныбжьэгъущ. Мы щIалэ щыкIуи и адэшхуэр си ныбжьэгъуу щытащ. Абы и адэр зэхэуэм зэкIудащ мыпхуэдэ писмо уи адэм кьыхуихьу гъуэгу тету, зиуусхэм пащтыхьх. Мыбы и адэ Адыгэ лIым я лIыжьку, щэджащэм я щэджащэжу дунейм тетащ. Си хьэл-щэн теухуауэ жысIэнщи, ящыкIыхьэкIэ сэ сызыхуейр солэжь, нэхъыбзм си нэхъыжьхъ эм, пщIэ яхуэзощI. Сэ ди адэхэм, адэщхуэхэм кьащIэна хабзэхэм тету сопсэ у. Сэ хэкум тхьэ сыхуолъэIу, си бынхэмрэ абыхэм я бынынхэмрэ а тхьэлъэIур язоГъащIэ, сыхуеIщ ахэм кьащIэхьуэ щIэблэмэ апхуэдэ гъэсэныгъэ иратыну.

